# Илли «Нана»



Педагог ДО Байсуркаева Мархет Минкаиловна

## 1 куплет

Дахаран марзо са дуьнена серло
Хьоьл деза лаьтта т1ехь х1умма дац са
Берриге бахам са, хьа дега йовхо
Со йина кхиийна, хьоме нана

Эсала хьа б1аьргаш седарчий сийна
Са ирс ду цаьрна чохь, со мел еха
Бераллехь нана хьо, хьийзорна хийла
Доьху ас къинт1ера яла суна

## Припев

Нана са нана хьо ирс долуш яхийта
Деле ас до1анехь, йоьху, хьо даимна
Вай вовше къастина, ма гойла зама
Яхалахь хьо дукха са хьоме нана

## 2 куплет

Хийла ахь наб йоцуш буьйсанаш яьхьна
Са доьхьа к1ад ца луш, ахь хьегна къа
Тахана даггара олу ас хьуна
Баркалла, баркалла хьоме нана

Хьо уьллехь хилча ю, со майра нана
Ца кхоьру, г1айг1анех, баланех со
Яхалахь са нана массо а ханна
Хьо мел ю дахарехь,ирсе ю со